



RESOUS AK
ENFÒMASYON POU EDE
W KONBAT COVID-19



TÈS RETRASE PRAN SWEN



**VIZITE [TESTANDTRACE.NYC](https://www.testandtrace.nyc.gov)
POU PLIS ENFÒMASYON SOU**

- Tès COVID-19 yo
- Kantite tan w ap pase ret tann kote y ap bay tès yo
- Retrasaj kontak yo
- Pwogram Take Care nan Test & Trace Corps la

**RELE NAN [212-COVID19](tel:212-COVID19)
(212-268-4319)**

Liy apèl NYC Test & Trace Corps ofri jwenn enfòmasyon sou sit kote pou fè tès yo, sou karantèn, sipò sante mantal ak lòt toujou.

PRAN VAKSEN AN!

**VIZITE [VACCINEFINDER.NYC.GOV](https://www.vaccinefinder.nyc.gov)
OUBYEN RELE NAN [877-VAX-4NYC](tel:877-VAX-4NYC)
(877-829-4692) POU FÈ YON
RANDEVOU.**

Tout moun ki gen 16zan oswa pi gran ki abite, travay oubyen etidye Nouyòk elijib pou pran vaksen an.

Vaksen yo **san danje, yo gratis epi li fasil pou w pran yo.**

NYC



**BAY ÈD OU
POU KANPE
PWOPAGASYON
COVID-19 LA**

- ⊕ AL FÈ TÈS SOUVAN SI OU POKO PRAN VAKSEN AN
- ⊕ METE KÒ W APA SI W SANTI W MALAD
- ⊕ TOUJOU METE YON MASK NAN FIGI W
- ⊕ KANPE NAN YON DISTANS 6 PYE AK LÒT MOUN
- ⊕ LAVE MEN W SOUVAN
- ⊕ EVITE KOTE KI RET FÈMEN AK KOTE KI GEN GWO PIBLIK
- ⊕ PRAN VAKSEN AN
- ⊕ REPONN APÈL YON PWOFESYONÈL KI LA POU RETRASE KONTAK YO

NYC



POUKISA OU DWE PASE TÈS?

Se sèl mwayen ki pi sèten pou nou konnen si w enfekte. **SI OU POKO PRAN TOUT DÒZ VAKSEN AN NÈT KONT COVID-19 LA**, sipoze fè tès COVID-19 souvan, men m si w santi w byen. Ou pa bezwen gen sentom COVID-19 pou w simaye l bay lòt moun.

RAPLE W, SI W SANTI SENTOM RIM OSWA GRIP, AL PASE TÈS IMEDYATMAN MENMSI OU FIN PRAN VAKSEN AN!

Tès yo san danje, yo konfidansyèl epi yo disponib san w pa peye yon goud. Lepisouvan, yo ap ba w rezilta yo nan 48 è. Pou w jwenn yon kote pou w pase tès tou prè w, vizite testandtrace.nyc.gov oswa rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) pou plis enfòmasyon.

AK KI DOKIMAN M SIPOZE MACHE POU M FÈ TÈS MWEN AN?

Tès yo disponib **san w pa peye yon goud** nan tout sit NYC Health + Hospitals ak sit Depatman Sante Vil Nouyòk, kenenpòt sityasyon w ta genyen antanke imigran. Menmsi li pa obligatwa, si w gen sa ki vin annapre yo, tanpri vini avèk yo nan jou w ap fè tès la:

- Yon kat idantite
- Yon kat asirans (yon fason kote nou kapab fè asirans ou an peye pou depans tès la). **Oumenm ou pa gen pou w peye anyen.**

KISA MWEN SIPOZE FÈ SI TÈS MWEN AN NEGATIF?

- Toujou suiv meyè pratik yo konseye kont COVID-19 yo: lave men w souvan, mete mask nan figi w, evite kote ki ret fèmen ak gwo piblik, kanpe nan yon distans 6 pye ak lòt moun, epi si w kòmanse santi w malad **PA TANN. METE KÒ W APA!**
- Kontinye fè tès souvan jiskaske ou pran tout dòz vaksen kont COVID-19 la

E SI TÈS MWEN AN POZITIF?

REPONN APÈL LA!

Si tès ou a pozitif, w ap resevwa yon apèl nan men yon contact tracer (pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo). Yo ap travay avè w pou yo ka idantifye kiyès ki ka te ekspoze avè w. Yo ap konekte w tou ak resous gratis.

KISA MWEN SIPOZE FÈ SI YON MOUN NAN ANTOURAJ MWEN GEN COVID-19?

Si ou te ekspoze ak COVID-19 la, **FÈ TÈS LA** epi **METE KÒ W APA** lòt moun touswit. Menm si tès ou a negatif, ou sipoze kontinye mete kò w apa pou 10 jou apati dènye fwa ou te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19.

RAPLE W, TANPRI REPONN TELEFÒN LAN SI W RESEVWA YON APÈL DE:

- NYC Test & Trace Corps
- NYC COVID Test
- Yon nimewo telefòn ki kòmanse pa 212-540-XXXX oswa 212-242-XXXX

PA TANN. METE KÒ W APA! PWOGRAM TAKE CARE LA

Si w kòmanse santi w malad, mete kò w apa imedyatman. Pou ede w fè sa, **Pwogram Take Care** nan NYC Test & Trace Corps la ap asire l ke nenpòt moun ki gen tès COVID-19 li ki pozitif, ke li menm ak moun li te gen kontak sere yo jwenn resous ki nesèsè pou mete kò yo apa san danje lakay yo oubyen nan yon chanm otèl gratis pou anpeche viris la simaye.

KISA PWOFEYONÈL KI LA POU RETRASE KONTAK YO FÈ?

YO FÈ PATI MOUN AN PREMYÈ LIY YO K AP GOUMEN KONT COVID-19 LA.

Pwofesyonèl ki la pou retrase yo se pwofesyonèl sante piblik ki resevwa fòmasyon pou yo ka bay moun ki ap viv Nouyòk ki gen tès yo ki pozitif ak COVID-19 la oubyen ki ekspoze dènyèman ak yon moun ki gen COVID-19. Anpil pwofesyonèl ki la pou retrase kontak soti nan katye NYC kote ki te plis frappe ak viris la, epi yo tout gen angajman pou yo sipòte moun ki ap viv Nouyòk epi estope pwopagasyon COVID-19 la.

PWOFEYONÈL KI LA POU RETRASE KONTAK YO PRAL:

- Rantre an kontak ak moun ki gen tès yo ki te pozitif oswa ki te ekspoze ak COVID-19
- Poze kesyon pou yo rive konnen nan ki sikonstans ou te rive enfekte epi pou yo kontakte moun ki te ka ekspoze tou
- Mande w kòman w santi w
- Konekte w ak resous tankou fè w jwenn konje peye, yon chanm otèl prive, gratis ak plis ankò

PWOFEYONÈL KI LA POU RETRASE KONTAK YO P AP JANM:

- Mande pou Nimewo Sekirite Sosyal ou
- Mande w pou sityasyon w antanke imigran
- Poze onkenn kesyon ki gen rapò ak enfòmasyon finansye w

VALIDE PWOFEYONÈL KI LA POU RETRASE A:

Antanke yon kouch sekirite anplis, NYC Test & Trace Corps ofri paramèt Validate My Contact Tracer (Valide pwofesyonèl ki la pou retrase kontak mwen an) la pou konfime ke w ap pale ak yon pwofesyonèl retrase kontak ofisyèl ki soti nan Test & Trace Corps. Ale sèlman sou testandtrace.nyc.gov epi suiv mesaj yo pou konfime pwofesyonèl ki la pou retrase w la.

SI W SANTI W MALAD OSWA W PANSE W TE EKSPOZE: PA TANN. METE KÒ W APA!

PWOGRAM TAKE CARE LA GEN LADAN L:

- Yon chanm otèl gratis epi an sekirite
- Manje gratis (3 repa pa jou)
- Entènèt wifi, kab televizyon ak apèl lokal san limit gratis
- Livrezon medikaman
- Estaf medikal ki sou plas

Si yon otèl p ap bon pou ou, nou ka ede w konekte ak resous pou mete kò w apa san danje lakay ou. Tout moun ki ap viv New York elijib, kenenpòt sityasyon yo antanke imigran. **Pwogram Take Care** a ka ede w jwenn Konje Maladi Peye tou si w elijib pou sa, kidonk ou pa bezwen enkyete w si w rate jou travay.

Pou plis enfòmasyon sou **Pwogram Take Care** nan NYC Test & Trace Corps a, rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) oswa vizite sit entènèt nou an nan testandtrace.nyc.gov.

